**Пщэдей Хэкум и хъумакIуэм и махуэщ!**

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№22 (24.460) • 2023 гъэм мазаем (февралым) и 22, бэрэжьей • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

# Дуней псор зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр къеIэт

**УФ-м и Президент Путин Владимир Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъазэр гъэ блэкIахэм куэдкIэ къащхьэщыкIыу щытащ. Сыт щыгъуи къэрал унафэщIыр нэхъыбэу зытепсэлъыхьыр ди хэкум и зыужьыныгъэрт, къыпэщыт къалэнхэм я хэкIыпIэу къилъытэхэрт, Правительствэмрэ Парламентымрэ зэлэжьыпхъэ Iуэхугъуэхэрт. Мы гъэми къигъэлъэгъуащ экономикэмрэ псэукIэр егъэфIэкIуэнымрэ теухуа и еплъыкIэхэр, ауэ Зэрызыхуагъазэр нэхъыбэу зытеухуауэ щытар иджыпсту дуней псор зыгъэпIейтей зэпэщIэувэныгъэрт - Урысейм Украинэм щригъэкIуэкI дзэ Iуэху хэхарт.**

ЗЭIУЩIЭ убгъуам депутатхэмрэ сенаторхэмрэ нэмыщI кърихьэлIащ Правительствэм щыщхэр, Конституцэ судым, Суд Нэхъыщхьэм, Арбитраж судым я унафэщIхэр, прокурор нэхъыщхьэр, ХэхакIуэ комиссэм, Къэзыбж палатэм я унафэщIхэр, Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм, Къэрал Советым хэтхэр, хэгъэгу Iэтащхьэхэмрэ хабзэубзыху органхэм я унафэщIхэмрэ, политикэ, жылагъуэ, дин лэжьакIуэхэр. Мы гъэм хамэ къэрал хьэщIэхэр щIэсакъым зэIущIэм. Къеблэгъахэм куэду яхэтт дзэ Iуэху хэхам къулыкъу щызыщIэхэри.

Путин Владимир и псалъэм и пэщIэдзэм занщIэу къыхигъэщащ иджырей Зэрызыхуагъазэр ди къэралым дежкIэ зэхъуэкIыныгъэ инхэр щыщыIэ, дуней псом и зэхэлъыкIэм зыщихъуэж, тхыдэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэр къыщыхъу, ди цIыхубэм я псэукIэм нэхъыфIкIэ зегъэхъуэжын папщIэ тщыщ дэтхэнэ зыми жэуаплыныгъэшхуэ и пщэ къыщыдэхуэ зэманым зэрытехуар.

- Илъэс ипэ дзэ Iуэху хэхар едгъэжьащ зи тхыдэ щIыналъэхэм ис ди цIыхухэр тхъумэн, къэралым и шынагъуэншагъэр къызэдгъэпэщын, Украинэм хабзэм тету хаха и унафэщIхэр 2014 гъэм традза иужькIэ къэунэхуа неонацистхэм къытхуагъэдалъэ «IэштIымыр» дгъэкIуэдын папщIэ. 2014 гъэм щыщIэдзауэ Донбассым щыпсэухэм я щIыр яхъумэжын, я анэдэлъхубзэр яIурылъын папщIэ бэнэныгъэ ирагъэкIуэкI, махуэ къэс къауэ лагъымхэм я щхьэр халъхьэу. Апхуэдиз илъэскIэ ахэр пэплъащ Урысейр къыщхьэщыжыну къыщыкIуэну махуэм. Фэ фощIэ мы Iуэхур мамыру зэфIэтхын папщIэ Iэмал куэдым дызэрыхуекIуар, зэпсэлъэныгъэ бжыгъэншэхэр зэредгъэкIуэкIар. Ауэ ди щIыбагъкIэ щызэрахьэ Iуэхур дэ ди гугъэм щыщыIэтэкъым.

КъухьэпIэм мурадышхуэхэр ищIауэ ар игъэзэщIэным иужь итт. Дэ Iуэхум дыпэрымыхьэ щIыкIэ, абыхэм Украинэм Iэщэхэр, техникэ хьэлъэхэр, къухьлъатэхэр, ПВО-хэр кърагъашэрт, лIыукIхэр ягъэхьэзырырт. США-мрэ НАТО-мрэ ди къэралым и гъунапкъэхэм базэ хэхахэмрэ биолабораторэхэмрэ къыщагъэувырт, Украинэр зауэшхуэм хуагъэхьэзырырт. Ар езыхэми жаIэ нобэ, - гу лъаригъэтащ Урысейм и Iэтащхьэм.

Президентым къыхигъэщащ иджыпсту дзэ Iуэху хэхар ягъэува жыпхъэм тету зэрекIуэкIыр, къэралым иригъэжьа Iуэхур зыхуей хуэзэу къызэгъэпэща зэрыхъур. «Сропагэ ди цIыхубэм дзэ Iуэху хэхам и мыхьэнэр къагурыIуэу зэрызэкъуэувам. Ар хэкупсэу узэрыщытыным и щапхъэщ. Ди сэлэтхэмрэ езыхэм яфIэфIу зэуапIэм Iухьахэмрэ фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ я лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ. Апхуэдэ дыдэу фIыщIэ яхуэфащэщ дзэлIхэм я адэ-анэхэм, щхьэгъусэхэм, унагъуэхэм. Абыхэм я лэжьыгъэр пэжу дуней псом езыгъэлъагъу журналистхэм, зыхэт Iуэху гугъур пIалъэ мащIэкIэ щагъэгъупщэу я нэгу зрагъэужьыну яхыхьэ артистхэм, волонтерхэм», - жиIащ Путиным.

(КIэухыр 2-нэ нап.).



## IупщIу жэуап яритащ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ УФ-м и Президент Путин Владимир Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъазэр щекIуэкIа зэIущIэм.**

«УФ-м и Президент Путин Владимир Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзар дэркIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ дэфтэрщ. И чэзу дыдэу икIи IупщIу жэуап яритащ ди къэралыр зэхикъутэну иужь къихьа КъухьэпIэм. Къыхэгъэщыпхъэщ, сыт хуэдизу къыттрамыкъузами, Урысейм и экономикэм и лъэр зэрыщIамыудыфар. Ди цIыхубэ-лъэпкъыбэр я Iэтащхьэм жыджэру къуэувэри, къэралым и щхьэхуитыныгъэр хъумэным ерыщу яужь ихьащ. Сэ сызэреплъымкIэ, Iэщэ хьэлъэ къигъэсэбэпу Урысейр зыгуэрым теуэну мурад зэримыIэми апхуэдэ зэгурыIуэныгъэм къэралыр зэрыхэмытыжми мыхьэнэшхуэ яIэщ. А псори зытеухуэжар ди къэралыр хъумэнырщ.

Президентым СВО-м хэкIуэдахэмрэ абы и ветеранхэмрэ защIэзыгъакъуэ Къэрал фонд къызэгъэпэщын хуейуэ къызэрыхилъхьар си щхьэкIэ дызоIыгъ. Ди республикэм дежкIи къалэн нэхъыщхьэ дыдэу щытщ иджыпсту губгъуэм ит ди щIалэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ядэIэпыкъуныр.

Къэрал унафэщIым и гугъу ищIащ дяпэкIэ нэхъ еужьэрэкIыу псэукIэм ехьэлIа ухуэныгъэхэр щIыным, хьэрычэт Iуэхум пэрытхэм защIэгъэкъуэным, мэкъумэш IэнатIэмрэ промышленностымрэ зегъэужьыным. 2024 гъэм гъэзэщIэн хуей лъэпкъ проектхэм текIуэдэнухэр хэгъэгухэм нэхъ пасэу ирагъэхьынущ къагъэсэбэпыфын щхьэкIэ. Социальнэ IэнатIэхэм щат улахуэхэм зэрыхагъэхъуэнур, сабий зэрыс унагъуэхэм къэралыр дяпэкIи зэрыдэIэпыкъунур къыхигъэщащ Президентым.

Зэманыр сыт хуэдизу мыгугъуами, Урысейр ипэкIэ мэкIуатэ, и цIыхухэм ядэIэпыкъуурэ. Дэ тщыщ дэтхэнэ зыми жэуаплыныгъэ ин ди пщэ къыдохуэ а псори гъэзэщIа хъунымкIэ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

КъБР-м и Iэтащхьэм Президентым жиIахэр гъэзэщIэным теухуауэ я пщэм къыдэхуэ къалэнхэр игъэбелджылащ. Абы теухуа зэIущIэ нобэ иригъэкIуэкIынущ КъБР-м и Правительствэмрэ щIыналъэ, къалэ администрацэхэм я унафэщIхэмрэ хэту.

## КъБР-м и Iэтащхьэм Хэкум и хъумакIуэм и махуэм теухуа и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу Хэкум и хъумакIуэм и махуэмкIэ!

Нобэрей махуэшхуэр къэралым и тхыдэм хахуагъэкIэ гъэнщIа и напэкIуэцIхэм я нэщэнэщ. Ар Хэкум и щхьэхуитыныгъэмрэ щIыналъэр зыми и унафэ щIэмытынымрэ щIэбэна ди зауэлIхэм лIэщIыгъуэкIэрэ къагъэлъагъуэ лIыхъужьыгъэмрэ къэмылэнджагъэмрэ папщIэ диIэ гушхуэныгъэм и щыхьэтщ.

ФIыщIэ мыухыж яхудощI Хэку зауэшхуэм хэтахэм, ди къэралри дуней псори бий гущIэгъуншэм къезыгъэлахэм. Абыхэм я лIыгъэр, лIыхъужьыгъэр, хахуагъэр Хэкум худиIэн хуей лъагъуныгъэ гъунэншэм, хэкупсэ нэсу зэрыщытыпхъэм и щапхъэ сытым дежи тхуэхъунущ.

Урысейм и шынагъуэншагъэр нобэ зыхъумэхэми пщIэшхуэ яхудощI. Шэч хэмылъу, фIыщIэ мыухыжыр яхуэфащэщ зауэ Iуэху хэхам хэту къэралым и щхьэхуитыныгъэм, абы и зэкъуэтыныгъэм къыщхьэщыжу дзэ къулыкъур езыхьэкIхэм. Хэкум и лъэщагъыр гъэбыдэным, абы и къарум хэхъуэным дэ псори дызэкъуэту дыхуолажьэ.

Псоми ехъулIэныгъэ, узыншагъэ быдэ, зэIузэпэщыгъэ фиIэну сынывохъуэхъу.

adyghe@mail.ru • adyghepsale.ru • apkbr.ru • smikbr.ru • Адыгэ Псалъэ • Адыгэ Псалъэ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

# Дуней псор зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр къеIэт

Пэшым къыщызэхуэсахэр къэтэджри, Iэгуауэшхуэ яIэтащ къэрал унафэщIым Донбассым и цIыхухэм защыхуигъэзам. Абы жиIащ: Донбассым щыпсэу псоми псалъэ гуапэкIэ зыфхузогъазэ. Фэ езым къыхэфхыжащ фи къэкIуэнур зыхуэдэнур. Урысейм, фи Хэкум, фригъусэну къызэрыхэфхам нэхърэ нэхъ пэж фщIэнтэкъым!».

Зэрызыхуагъазэм теухуа зэхыхьэм хэтхэр зы дакъикъэкIэ яхуэщыгъуащ дзэ Iуэхум хэкIуэда ди сэлэтхэм.

Къэрал унафэщIым зэрыжиIамкIэ, Украинэм щыIэ щIалэхэм я унагъуэхэр къэралым и нэIэ щIэтын хуейщ зыхуигъэныкъуэ щымыIэу. Абы ипкъ иткIэ, къыхилъхьащ СВО-м хэкIуэдахэмрэ абы и ветеранхэмрэ защIэзыгъакъуэ Къэрал фонд къызэрагъэпэщыну.

Къэрал псор лъэ быдэкIэ щытын зэрыхуейри къыхигъэщащ Путин Владимир къыщыпсалъэм. «Ар улахуэм, псэукIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ цIыхухэм дазэрыдэIэпыкъум ехьэлIащ. Фигу къэзгъэкIыжынщи, КъухьэпIэм къыдищIылIа хъыбарегъащIэ «зауэм» нэмыщI, экономикэ лъакъуэпIэщIэдзи къытхуищIыну иужь итщ. Ауэ зы лъэныкъуэкIи зыхуей къехъулIакъым икIи къехъулIэнукъым. Езыхэр я санкцэхэмкIэ зэран зыхуэхъужауэ, урысхэр ягъэкъуаншэ. Ягугъащ Урысейр бэлыхь хадзэну, ауэ дэ а «удыным» дыпэщIэтыфащ, ди лэжьыгъэ IэнатIэхэри тхъумащ, ди экономикэри лъэныкъуабэ хъуакъым. Экономикэр тIэкIу ехуэхауэ гу щылъыттар нэгъабэ мазих нэужьращ. Ауэ илъэсым и Iыхьэ щанэм дэкIуеижащ, Iэмалыщ Iэхэр къытхукъуэкIащ.

Урысей хьэрычэт Iуэхум занщIэу Iухур зытетыр къыгурыIуэри, дзыхь зыхуэпщI хъуну лэжьэгъухэм зыпащIащ. Ахэр дуней псом щыкуэдщ, къытпэщIэувахэратэкъым ди Iуэхур зэлъытауэ щытыр. Ар псоми нэрылъагъу ящыхъуащ», - къыхигъэщащ Президентым.

БлэкIа илъэсым мэкъумэш IэнатIэм гъавэ тонн мелуани 150-рэ къыщрахьэлIэжащ, абы щыщщ гуэдз тонн мелуани 100-р. 2023 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30 пщIондэ ди хэкум хамэ къэралхэм иригъашэ гъавэр тонн мелуан 55 - 60-рэ хъунущ. Ар илъэсипщI ипэ хъыбару къыпщыхъункIэ хъунут, ауэ яхузэфIэкIащ, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэмкIи апхуэдэ ехъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьащ.

Къэрал унафэщIым дяпэкIэ хэкум и зыужьыныгъэр зыхуэдэнур, здэунэтIын хуей лъэныкъуэхэр къыхигъэщащ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, хамэ къэрал экономикэ зэпыщIэныгъэхэр нэхъри егъэфIэкIуэн зэрыхуейр, хы, гъущI гъуэгу зэпыщIэныгъэхэм зэрызрагъэубгъунур, нэгъуэщIхэри.

ПсэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм теухуа программэ ин мы гъэм ирагъэжьэ. ЩIыналъэхэм щекIуэкI псэукIэхэр нэхъри зэрырагъэфIэкIуэн программэхэр щыIэщ. Экономикэм и технологие къарур ирагъэфIэкIуэн щхьэкIэ Iэмал гъуэзэджэ куэд къагупсысащ. Апхуэдэуи, инвестицэхэр къыхегъэлъхьэнымкIэ IэмалыщIэ хъуауэ жыпIэ хъунущ урысей банкхэм хьэрычэтыщIэхэм ахъшэ нэхъыбэ ират зэрыхъуар, абыхэм а щIыхуэм щхьэщатыкIыр езэгърабгъу зэращIынур.

Путиным хьэрычэтыщIэхэр къыхуриджащ я мылъкур Урысейм и зыужьыныгъэм халъхьэу, абыкIэ езыхэми ахъшэ къалэжьыну. ИтIанэщ УФ-р и щхьэр зыхуей хуигъэзэжыфу, цIыхухэр тыншу игъэпсэуфу щыхъунур.

- Ди лъэпкъ зэхэщIыкIыр дгъэбыдэн папщIэ щIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ зегъэужьыныр Iэмал зимыIэщ. Щэнхабзэращ гуапагъэр, дахагъэр, зэгурыIуэр, цIыхум хьэл нэхъыфIу хэлъыр къэзыгъэщIыр. Донбассми Урысейми зэхуэдэу зыщиужьын хуейщ зи гугъу тщIы Iуэхум. Дэ хуабжьу акъылыфIэ, зэчиифIэ щIэблэ къытщIохъуэ, я хэкум псэ хьэлэлкIэ хуэлэжьэну хьэзыру. А псоми щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэредгъэгъуэтыныр, зэманым декIу, зыхуэныкъуэ IэщIагъэ едгъэгъуэтыным дыпылъын хуейщ. ЦIыхубэ фронтым и нэIэ щIигъэувэн хуейщ щIалэгъуалэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтыным, бгъэдэлъ зэчийм зегъэужьыным теухуауэ дэIэпыкъуныр. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр къэралым и щхьэхуитыныгъэр зыгъэбыдэфын щIалэгъуалэ дгъэхьэзырын, едгъэджэн зэрыхуейрщ. 2023 гъэр ЕгъэджакIуэмрэ гъэсакIуэмрэ я илъэсу дгъэуващ. ЕгъэджакIуэм ди гъащIэм щигъэзащIэ къалэныр зэрыиныр зэи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым», - жиIащ къэрал Iэтащхьэм.

Президентыр щхьэхуэу къытеувыIащ унагъуэмрэ сабийхэмрэ къэралым зэрызащIигъакъуэм. А Iуэхум хухэха бюджетыр нэхъыбэ дыдэу хагъахъуэхэм зэрыщыщыр жиIащ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, мазаем и 1-м щегъэжьауэ Анэхэм ират ахъшэр хэхъуащ. Iэтащхьэм къыхилъхьащ Анэхэм ират ахъшэр дяпэкIэ, Урысейм щIэуэ къыхагъэхьэжа хэгъэгуиплIым щату зэтраублэну, 2007 гъэм щегъэжьауэ къалъхуа сабий зыщIэс унагъуэхэм иратыну.

Нэгъабэ МРОТ-р тIэу хэхъуащ, зэхэту - процент 20-кIэ. Президентым жиIащ мы гъэм зэрыхагъэхъуэнум нэмыщI, 2024 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ иджыри проценти 10-кIэ нэхъыбэ зэращIынур. Псори зэхэту къапщтэмэ, процент 18,5-кIэ хэхъуэнурэ, сом мин 19242-рэ хъунущ.

ЦIыхухэм я псэукIэм нэрылъагъуу зыщихъуэжынур социальнэ IэнатIэр зыхуей хуагъазэмэщ, псом хуэмыдэу медицинэ дэIэпыкъуныгъэр япэ игъэщын хуейщ.

Къэралым ит курыт еджапIэхэр зыхуей хуэгъэзэным теухуа программэ ин щагъэзащIэ ди Хэкум. Абы ипкъ иткIэ, школ мини 3,5-рэ зэрагъэпэщыж. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр щокIуэкI ДНР, ЛНР, Запорожье, Херсон областхэми. Школ 1200-рэ яухуэну яубзыхуати, абы щыщу 800-м и бжэхэр къызэIуахауэ мэлажьэ.

УФ-м и Президентыр адэкIэ тепсэлъыхьащ туризмэм зэрызрагъэужьыну щIыкIэм, США-мрэ НАТО-мрэ ящIа мурадыр къазэремыхъулIэнум, Урысейм дунейпсо утыкум щригъэкIуэкI Iуэхухэм, нэгъуэщIхэми.

«ПщIэ зыхуэсщI лэжьэгъухэ. Нобэ гугъуехь куэд дыхэтщ. Ауэ дзэ Iуэху хэхам зэрыщIидзэрэ ди цIыхубэр зылI и быну зэрызэкъуэувар долъагъу. Ди къэралым и хэгъэгу зэмылIэужьыгъуэхэм щыщхэр зэкъуэш хуэдэу итщ зауэ губгъуэм. Абыхэм защIэзыгъакъуэ цIыхухэр куэдщ, уеблэмэ сабийхэм хурагъэхь письмохэм нэпсыр къерегъакIуэ.

Урысейр пэлъэщынущ сыт хуэдэ къалэнми. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дэ дызыкъэралщ, дызылъэпкъщ, ди щхьэ, ди къару дзыхь тетщIэжу. Пэжыр зи телъхьэр дэращ!», - жиIащ Путин Владимир и къэпсэлъэныгъэр щиухым.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# Зыужьыныгъэм и гъуэгум тету



**КъБР-м и Iэтащхьэр Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и къулыкъущIэхэм яIущIащ. Зэхуэсым кърихьэлIахэр тепсэлъыхьащ щIыпIэм зэрызиужьым, къапэщылъ къалэнхэр зэрагъэзэщIэну Iэмалхэм.**

«IУАЩХЬЭМАХУЭ щIыналъэр игъащIэ лъандэми бгылъэ щIыпIэу, ущыпсэунуи ущылэжьэнуи мытыншу къалъытэу къокIуэкI, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек зэIущIэр къыщызэIуихым. - Мыбы щыпсэухэр лэжьакIуэшхуэхэщ, лIыгъэрэ хабзэрэ яхэлъу апхуэдэщ. ЩIыналъэм хуащI гулъытэр ар илъэс куэдкIэ гугъу зэрехьами епхащ. Дэ дыхуэхьэзырщ Iуащхьэмахуэ щIыналъэр, туризмэмрэ промышленностымрэ зедгъэужькIэрэ, къызэрытIэтыжыным, абы иIа пщIэр зэредгъэгъуэтыжыным».

Республикэм и Iэтащхьэм Iуащхьэмахуэ щIыналъэм щыпсэухэм фIыщIэ яхуищIащ зауэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрызыщIагъакъуэм папщIэ. «Ди жагъуэ зэрыхъущи, хэщIыныгъэншэу хъуркъым. Дэ ди щхьэр яхудогъэщхъ Хэкур яхъумэжу хэкIуэдахэм», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

ЗэIущIэр екIуэкIыху КIуэкIуэ Казбек узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм, туризмэм, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм, инфраструктурэм и зыужьыкIэм теухуауэ кърата упщIэхэм жэуап яритащ.

Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Соттаев Къурмэн лъэпкъ проектхэмрэ щIыналъэ программэхэмрэ зэрылажьэм тепсэлъыхьащ. ЦIыхухэр зыхуей хуэзыгъазэ IуэхущIапIэхэм я мылъкум хъарзынэу хагъахъуэ. Егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, узыншагъэр хъумэным елэжь IуэхущIапIэ 12 зэрагъэпэщыжащ, псыр жылэхэм яхуэзышэ IуэхущIапIэу 7, цIыху зэхэзекIуапIэу 21-рэ зыхуей хуагъэзащ. УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкIэ Азау деж щегъэжьауэ Терскол нэс уэсукхъуэм ущызыхъумэ Iэмэпсымэхэр Iуагъэуващ. 2022 гъэм щIыналъэм и библиотекэ нэхъыщхьэр зэрагъэпэщыжащ, апхуэдэ дыдэу зэрахьащ Тырныауз дэт езанэ лицейр, Гундэлэн дэт щколыр, спортзали 2. Сабий IыгъыпIэхэм хьэкущIэу 7 щагъэуващ, Герхожан-Суу псыежэхым лъэмыж тралъхьащ.

Дызэрыт илъэсым ЩэнхабзэмкIэ унэр зэрагъэпэщыжынущ, къат куэду зэтет унэу 17-м щIэт лифт 30 щIэкIэ яхъуэжынущ. Республикэм и Iэтащхьэм и унафэкIэ а Iуэхур ежьакIэщ. Илъэсыр имыкI щIыкIэ, Азаурэ Эльбрус жылагъуэмрэ я зэхуакум щахъуэжынущ къагъэсэбэпа псыр зэрыIуаш бжьамийхэр. Жылагъуэм иджыри амбулаторэщIэ щаухуэ, 2023 гъэм ЩэнхабзэмкIэ унэрэ спорткомплексрэ дащIыхьынущ.

Илъэсищым и кIуэцIкIэ километр 22-рэ зи кIыхьагъ гъуэгухэр ядыжащ, километри 10-м уэздыгъэхэр щагъэуващ. Илъэсыр имыкI щIыкIэ зыхуей хуагъэзэну я мурадщ Бахъсэн Ипщэм, Эльбрус жылагъуэм, «Джантуган» альпинист лагерым екIуалIэ гъуэгухэр. Былым къуажэм псы езышалIэ Iэмэпсымэхэмрэ бжьамийхэмрэ щахъуэжынущ, псы зэбгрышыпIэу 2 щаухуэнущ.

ЩIыналъэм инвестицэ проектышхуэхэр щолажьэ. Ахэр епхащ къэрал мыхьэнэ зиIэ, Тырныауз дэт вольфрам-молибден къыщIэхыпIэхэмрэ «Эльбрус» зыгъэпсэхупIэмрэ.

# Террорым пэщIэтынымкIэ хэкIыпIэхэр яубзыху

**КIуэкIуэ Казбек Iуащхьэмахуэ районым лэжьыгъэ IуэхукIэ щыкIуам, Тырныауз къалэм щригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм террорым пэщIэтынымкIэ и комиссэм и зэIущIэ.**

АБЫ ХЭТАЩ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэ **Мэкъуауэ Тимур**, щIыпIэ самоуправленэхэм, муниципалитетхэм, хабзэхъумэ, къэпщытакIуэ-кIэлъыплъакIуэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр.

Iуэхум теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и министр **Къуэшырокъуэ Залым**, Налшык къалэ администрацэм и унафэщI **Ахъуэхъу Таймураз**, Iуащхьэмахуэ, Аруан районхэм я администрацэхэм я унафэщIхэм я къалэнхэр зыгъэзащIэхэу **Соттаев Къурмэн**, **Ажий Валерэ** сымэ.

ЗэIущIэм щызэпкърахащ террорым пэщIэтынымкIэ щытыкIэр нэхъ зэхьэлIауэ щыт жылагъуэ-политикэ, социально-экономикэ IуэхухэмкIэ ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм кърикIуахэр. Тегъэчыныхьауэ тепсэлъыхьащ щIэпхъаджагъэм теухуа гупсысэхэм земыгъэубгъунымкIэ, дунейпсо террорист зэгухьэныгъэхэм хашэнкIэ гурыщхъуэ нэхъ зыхуащIхэм ядэлэжьэнымкIэ ирагъэкIуэкIыпхъэ Iуэху пыухыкIахэм. Апхуэдэуи и гугъу ящIащ объект зэхуэмыдэхэр щIэпхъаджащIэхэм ящыхъумэнымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм, Террорым пэщIэтынымкIэ комиссэр адэкIи зэрылэжьэнум.




# Ухуэнынгъэщlэм и лъабжьэр ягъэтlылъ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ Урысейм и МВД-м Iуащхьэмахуэ районым щиIэ къудамэм и унэ яухуэнум и лъабжьэр щагъэтIылъым.**

КIУЭКIУЭ Казбек къыхигъэщащ хабзэхъумэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я къалэнхэр тэмэму ягъэзэщIэнымкIэ, я Iэзагъэм хагъэхъуэнымкIэ, зыхуейхэмкIэ къызэгъэпэщыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Республикэм и Iэтащхьэм УФ-м и МВД-м и унафэщIым фIыщIэ хуищIащ апхуэдэ Iуэхухэм сытым дежи гулъытэ зэрыхуищIым папщIэ. КIуэкIуэ Казбек Урысей МВД-м Iуащхьэмахуэ районым щиIэ къудамэм и лэжьакIуэхэм ехъуэхъуащ республикэм щыпсэухэмрэ и хьэщIэхэмрэ я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр къалэн нэхъыщхьэу къыхуэзыгъэув я къулыкъур пщIэрэ щIыхьрэ яIэу ирахьэкIыну.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру КъБР-м щыIэ Павлов Василий район къудамэм и лэжьакIуэхэр щигъэгъуэзащ ухуэныгъэ къэрагъэжьар Урысей Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм и жэрдэму зэрыщытым. УнэщIэр ухуэным къэрал бюджетым къыхэкIыу сом мелуан 704-рэ къыхуаутIыпщащ, ар хьэзыр хъунущ 2025 гъэм. Урысей МВД-м Iуащхьэмахуэ районым щиIэ къудамэр мы зэманым зыщIэс унэр 1936 гъэм яухуащ, ар Тырныауз бгы-гъэбатэ комбинатым и ухуэныгъэхэм ящыщ зыуэ щытащ. УхуэныгъэщIэр Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм хухэха унэ зыбжанэу зэхэтынущ. Абы хохьэ къатиплI хъу, администрацэр щылэжьэну корпусыр, спорт пэшышхуэр, машинэхэр зыщIэтыну гаражыр, кинолог IэнатIэм и унэр, инженер-коммуникацэ ухуэныгъэр, нэгъуэщIхэри. Ар иджырей IэмэпсымэхэмкIэ сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу къызэрагъэпэщынущ икIи жылагъуэр зыхуэныкъуэ къэрал Iуэхутхьэбзэхэр щагъуэтыфыным хуэщIауэ щытынущ.

*Бахъсэн къалэм щыщ Iэхъуэбэч Сэхьид и къуэ Хьэшим илъэс 90 зэрырикъумкIэ йохъуэхъу и бынхэмрэ абыхэм я быныжхэмрэ. Мыпхуэдэ псалъэхэмкIи зыхуагъазэ я нэхъыжьыфIым: «ФIыуэ тлъагъу ди адэ лъапIэу зыми пэдмыщI. Нобэрей махуэр угъурлы пхуэхъуну дынохъуэхъу! Уи узыншагъэр мыкIуэщIу, гукъыдэжыр къыбдэушу, уи щIыхьыр ину, уи пщIэр лъагэу, берычэтым ущымыщIэу, укъэзыухъуреихь уи щIэблэм уагъэгуфIэрэ уагъэгушхуэу куэдрэ ди япэ уитыну Тхьэм жиIэ!»*

*Уи пхъухэр, уи малъхъэхэр, уи пхъурылъхухэр.*



# ЛIыгъэм щIапIыкI

**Звёзднэ поселкэм щыIэ Урысей гвардием и дзэ частым къулыкъур щезыхьэкIхэм «лIыгъэм и дерс» щрагъэкIуэкIащ ХьэтIохъущыкъуей дэт, Дыкъынэ З. Хь. и цIэр зезыхьэ кадет школ-интернат №1-м. Ар хуэгъэпсат я дзэ къулыкъур нэгъуэщI къэралым щрахьэкIыу хэкIуэда ди хэкуэгъухэм я фэеплъ махуэм.**

ХЬЭЩIЭХЭР кадетхэм яхутепсэлъыхьащ хамэ щIыпIэм зи къалэныр щызыгъэзэщIа я лэжьэгъухэмрэ дзэ къулыкъущIэхэмрэ къагъэлъэгъуа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ, апхуэдэуи документальнэ фильм ирагъэплъащ.

- Нобэ мыхьэнэшхуэ иIэщ сабийхэр я къэралыр, Хэкур фIыуэ ялъагъуу, ар бийхэм щахъумэну хьэзыру гъэсэным, - къыхигъэщащ сержант Куканьковэ Валентинэ.

**БАХЪСЭН Ланэ.**



## Мы махуэхэм

**Мазаем и 22,** *бэрэжьей*

✦**ЩIэпхъаджагъэ зыкIэлъызэрахьа цIыхухэм защIэгъэкъуэным и дунейпсо махуэщ**

✦**1942 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щауэ Мухьэмэд**.

✦**1954 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и Парламентым и депутату щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щоджэн Мартин**.

✦**1957 гъэм** къалъхуащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым и сенатор, КъБР-м и Президенту щыта, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и Президент **Къанокъуэ Арсен**.

✦**1960 гъэм** къалъхуащ къэрал, политикэ лэжьакIуэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIу лэжьа **Хьэсанэ Руслан**.

✦**1961 гъэм** къалъхуащ КъБР-м, КъШР-м, Адыгэ Республикэм, Ингушым я цIыхубэ артисткэ **Сокъур Ольгэ**.

✦**1974 гъэм** къалъхуащ КъБКъМУ-м и ректор, техникэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, доцент **Апажэ Аслъэн**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 6 - 9, жэщым градус 0 - 3 щыхъунущ.

**Мазаем и 23,** *махуэку*

✦**Урысейм Хэкум и хъумакIуэм и махуэр щагъэлъапIэ**

✦**1923 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщIу, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретару щыта **ШэджыхьэщIэ Мухьэмэд**.

✦**1923 гъэм** къалъхуащ композитор, УФ-м и цIыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, КъБР-м и Гимным и макъамэр зытха **Къардэн Хьэсэн**.

✦**1923 гъэм** къалъхуащ УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я егъэджакIуэ **Пащты СулътIан**.

✦**1931 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI **Акъсырэ МуIэед**.

✦**1937 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гъубжокъуэ Лиуан**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уэс къыщесынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 2 - 0, жэщым градуси 5 - 3 щыхъунущ.

**Мазаем и 24,** *мэрем*

✦**1909 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ **Уэхъутэ Абдулыхь**.

✦**1915 гъэм** къалъхуащ драматург, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Щхьэгъэпсо Мухьэмэд**.

✦**1942 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Алшагъыр Борис**.

✦**1958 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, хьэрычэтыщIэ, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор **Ерчэн Темболэт**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык бзыгъэу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2, жэщым щIыIэр градуси 5 щыхъунущ.

**Мазаем и 25,** *щэбэт*

✦**1946 гъэм** Дзэ Плъыжьым зэреджэр Советыдзэ жиIэу зэрахъуэкIащ.

✦**1916 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБКъУ-м и япэ ректору щыта **Бэрбэч ХьэтIутIэ**.

✦**1930 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIуэкIуэ Джэмалдин**.

✦**1952 гъэм** къалъхуащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу лэжьа, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Ажахъуэ Къанщобий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 7, жэщым 1 градус щыхъунущ.

**Мазаем и 26,** *тхьэмахуэ*

✦**1940 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ **Щауэ Къалидар**.

✦**1953 гъэм** къалъхуащ адыгэ сурэтыщI, IуэрыIуатэдж, РАХ-м и дипломант, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и художник **ГъукIэ Замудин**.

✦**1965 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и Парламентым и депутат, Афганистаным щызэуахэм я республикэ зэгухьэныгъэм и унафэщIу щыта, къэрал дамыгъэ лъапIэ зыбжанэ зыхуагъэфэща **Тхьэгъэлэдж Тимур**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 14, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

**Мазаем и 27,** *блыщхьэ*

✦**Мыщэ хужьым и дунейпсо махуэщ**

✦**Правительствэм и нэIэ щIэмыт зэгухьэныгъэхэм я дунейпсо махуэщ**

✦**Урысейм щытыкIэ хэхам деж къагъэсэбэп и къарухэм я махуэщ**

✦**1945 гъэм** Мэсей Аслъэнджэрий «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэр къыфIащащ.

✦**1940 гъэм** къалъхуащ шэрджэс сурэтыщI **Мэзукъэбз Хьэзрэт**.

✦**1941 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, УФ-мрэ КъШР-мрэ я цIыхубэ артист, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Гъуэт Хъусин**.

✦**1958 гъэм** къалъхуащ жылагъуэ лэжьакIуэ, ДАХ-м и вице-президент **КIэкIыхъу Мэжид**.

✦**1973 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэм **КъумпIыл Мурат**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 17, жэщым градуси 6 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Нэпкъым тетыр кхъуафэ хукIэкIэ Iэзэщ.**

# Зэманым и лІыхъужь

## (Шэджыхьэщlэ Мухьэмэд Хьэгуцырэ и къуэр)

**Жылагъуэ, политикэ лэжьакlуэ цlэрыlуэ, Хэку зауэшхуэм и ветеран Шэджыхьэщlэ Мухьэмэд къызэралъхурэ мазаем и 23-м илъэси 100 ирокъу. Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэмрэ щэнхабзэмрэ зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищlам и мызакъуэу, зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым 1941 гъэм къыщыщlэдзауэ 1943 гъэ пщlондэ ар зауэ lэнатlэм зэрыlутари. Абы къыхуагъэфэщащ Хэку зауэшхуэм и япэ нагъыщэ орденымрэ «Кавказыр зэрихъумам папщlэ», «Германием зэрытекlуам папщlэ» медалхэмрэ.**



1960 - 1970 гъэхэм Шэджыхьэщlэр республикэм и идеолог нэхъыщхьэу къалъытэу щытащ. Ар ящыщт совет парт унафэщl нэхъ пажэхэм, Хэку зауэшхуэм къикlыжа нэужь, щlыналъэм и щыlэкlэпсэукlэр зэтегъэувэжыным елэжьахэм.

Зэманым и лlыхъужькlэ уеджэ хъунущ Шэджыхьэщlэ Мухьэмэд. Республикэм егъэджэныгъэр, щlэныгъэр, щэнхабзэр щегъэфlэкlуэнымрэ апхуэдэ lуэхущlапlэхэм сыт и лъэныкъуэкlи зегъэужьынымрэ гулъытэшхуэ хуищlат. Абыхэм ящыщт КъБКъУ-р, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академиер, Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтыр, ПТУ-мрэ техникум пщlы бжыгъэхэмрэ, школыщlэхэр, щэнхабзэмкlэ унэхэр, кинотеатрхэр, къуажэ клубхэр, Музыкэ театрыр (япэу балет щагъэувар), филармонием и симфоние оркестрыр, журналыщlэхэмрэ газетхэмрэ къыдэгъэкlыныр, къыдагъэкl тхылъ бжыгъэм хагъэхъуэныр - нэхъыщхьэ дыдэу Шэджыхьэщlэм и гъащlэр зытриухуар цlыхухэм я гупсысэр куу зэрыхъуну, псэкlэ къулей зыщlыну lуэхухэрщ...

Куэдым ягу къагъэкlыж апхуэдэ лэжьыгъэхэр абы и нэlэм щlигъэт къудей мыхъуу, ипэкlэ плъэфу, щlыналъэм и зыужьыныгъэм и гуащlэр триухуэу зэрыщытар. Щlэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ лэжьакlуэм хузэфlэкlырт лъэпкъ lуэхухэри екlурэ-ещхьу зэрихьэн.

Шэджыхьэщlэр къыщалъхуар Тэрч районым хыхьэ Урожайнэ къуажэрат. Налшык педагогикэ училищэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутымрэ къиуха нэужь, къыщалъхуа къуажэм егъэджакlуэу щылэжьащ. 1944 гъэм Шэджыхьэщlэр хахат ВЛКСМ-м и Урожайнэ район комитетым и япэ секретару. Абдеж абы и жылагъуэ-политикэ лэжьыгъэм щыщlидзэри, илъэс 43-кlэ а lуэхухэм егугъуащ. ВЛКСМ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и етlуанэ секретару щылэжьам Шэджыхьэщlэм промышленнэ lуэхущlапlэхэр, электростанцхэр, псом хуэмыдэу Бахъсэн ГЭС-р зэфlэгъэувэжыным и зэфlэкl ирихьэлlащ. 1949 гъэм Шэджыхьэщlэм къыхуагъэлъэгъуащ партым и Налшык район комитетым и япэ секретарым и къулыкъур. 1950 гъэм хахащ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и ещанэ зэхуэсыгъуэм и депутату. КПСС-м и ЦК-м епха парт школ нэхъыщхьэр къиуха нэужь, Мухьэмэд илъэсиблкlэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым къэралым и политикэр пхыгъэкlынымкlэ и къудамэм и унафэщlу лэжьащ. Абы лэжьыгъэшхуэ иригъэкlуэкlащ парт, совет lэнатlэхэм я аппаратхэр егъэфlэкlуэным ехьэлlауэ.

1963 гъэм и щэкlуэгъуэм Шэджыхьэщlэ Мухьэмэд хахащ обкомым и секретару икlи идеологиемкlэ къудамэм и унафэщl ящlащ. Ар мызэ-мытlэу хахыжащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и цlыхубэ депутату, илъэс 20-м щlигъукlэ абы и Унафэщlу щытащ.

Шэджыхьэщlэр яхэтащ ди хэкуэгъухэм щэнхабзэ зэпыщlэныгъэр ядэlыгъынымкlэ «Родинэ» урысейпсо зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр зыухуахэм,мыхьэнэшхуэ зиlэ а лэжьыгъэр зэтезыублахэм. Шэджыхьэщlэ Мухьэмэд фlыуэ емыгупсысауэ зы лъэбакъуэ ичыртэкъым, арагъэнт lуэхур къыщlехъулlэр. Сыт Къэбэрдей-Балъкъэрым и цlыхухэр зыхуэныкъуэр?! А упщlэм тещlыхьауэ лажьэрт. Абы и гуащlэдэкlым къыпэкlуащ Вагъуэ Плъыжь, Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь, «Щlыхьым и дамыгъэ» орденхэмрэ медалхэмрэ. Ар и гъащlэм зы lущыгъэм тетащ, гугъуехьым къыпемыкlуэкlыу ахэр зэрызэфlигъэкlыным и ужь иту. Зэрыжаlэмкlэ, абы дэтхэнэми гулъытэ хуищlыфырт, унафэщlу е къызэрыгуэкl лэжьакlуэу щрети. Шэджыхьэщlэр 1996 гъэм дунейм ехыжащ, и ныбжьыр илъэс 74-м иту.

Жылагъуэ лэжьакlуэм, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветераным и фэеплъ пхъэбгъу Налшык къалэм 2016 гъэм къыщызэlуахауэ щытащ. Мы гъэм, абы и фэеплъу, Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапlэм къыщыдагъэкlыжащ Шэджыхьэщlэм теухуауэ 2009 гъэм дунейм къытехьауэ щыта «Дальновидный политик, вдумчивый идеолог» тхылъыр. Котляровым къызэрыхигъэщымкlэ, а лэжьыгъэр ягъэхьэзырын хуей щlэхъуам щхьэусыгъуэшхуэ иlащ - псом хуэмыдэу апхуэдиз зи гуащlэм дэхуа лlым и цlэр «Адыгэ (шэрджэс) щlэнгъуазэм» зэрыхэмытым къызэригъэуlэбжьар, ауэ щыхъукlи, блэкlа лlэщlыгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и «етlуанэ цlыхукlэ» зэджэу щытам и фэеплъыр тхыдэм къыхэнэн хуейуэ къызэралъытэр.

Шэджыхьэщlэ Мухьэмэд теухуауэ зи гугъу тщlы тхылъым ихуа гукъэкlыжхэр къызыбгъэдэкlыр ар фlыуэ зыцlыхуу щытахэмрэ къыдэлэжьахэмрэщ. Абы къыхэкlыу лэжьакlуэшхуэм и шыфlэлlыфэу, lуэху бгъэдыхьэкlэу щытар ди нэгу къыщlоувэф.

**Дохъушокъуэ Мусэ** абы щетх: «1969 гъэм, КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и унафэщlым и япэ къуэдзэ сыщащlам, Шэджыхьэщlэ Мухьэмэд КПСС-м и щlыналъэ комитетым идеологиемкlэ и секретару лажьэрт, Министрхэм я советым дежи мэкъумэш lэнатlэр и нэlэм щlэтыну пщэрылъ къыщащlауэ апхуэдэт. Ди къалэнхэр зэхуэмыдэми, сэ щlэх-щlэхыурэ абы зыхуэзгъазэрт чэнджэщ сыхуейуэ икlи зэи сыкъигъэщlэхъуртэкъым. Лэжьыгъэм ныкъусаныгъэ хилъагъуэмэ, Мухьэмэд зыми губгъэн яхуимыщlу, зэхэщlыкlыгъуэу lуэхур зытетыр ягуригъаlуэрт. Зэи зэхэсхакъым ар губжьауэ псалъэ жагъуэ зыгуэрым жриlэу. Дызэдекlуэкlыху, ди зэхуаку пщlэ дэлъу дызэдэгъуэгурыкlуащ. Ауэ жысlэфынукъым зэныбжьэгъу дыдэу дызэхущытауэ - езым, и унагъуэм я гъунэгъуу сыщытауэ. Шэч хэмылъу, ныбжьэгъу куэд иlащ абы, ауэ хэтыт нэхъ и гъунэгъу дыдэр жаlэрэ къызэупщlмэ, жэуап естыфыну къыщlэкlынтэкъым. Ауэ къызэрысщыхъумкlэ, ар сыт щыгъуи хущlэкъурт тlэкlу пэжыжьэу уиlыгъыну. Къапщтэмэ, апхуэдэу щыт хабзэщ жыжьэ плъэ политикхэр. Шэджыхьэщlэр цlыху lущт, и гупсысэкlэкlэ псоми къахэщу зэрыщытари шэч зыхэмылъщ. Политикыфlу зэрыщытам и гугъу пщlымэ, Мэлбахъуэ Тимборэ фlэкlа абы къытекlуэн щымыlауэ къызолъытэ. А тlур зэгъунэгъут икlи КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретарым дежкlэ Шэджыхьэщlэм и lуэху еплъыкlэм мыхьэнэ иlэт. Абы и щхьэусыгъуэри гурыlуэгъуэт: а зэманым Мухьэмэд адрейхэм къахэщырт и зэфlэкlрэ щlэныгъэкlэ, нэхъыщхьэрати, и лэжьыгъэм зэрыхуэпэжымкlэ. Псоми фlыуэ дощlэ мыхьэнэшхуэ зиlэ докладхэр, къэпсэлъэныгъэхэр, нэгъуэщl дэфтэрхэри Мэлбахъуэ Тимборэ езым игъэхьэрыру зэрыщытар. Щхьэусыгъуэ гуэркlэ зыгуэрым хуигъэхьэзырын хуей хъуами, ар набдзэгубдзаплъэу абы хэплъэжынут. Апхуэдэ къалэныр дзыхь зыхуищlу щытар Шэджыхьэщlэ Мухьэмэдщ».

**Ефэнды Джылахъстэн**: «1949 гъэм и гъатхэм ЦКП(б)-м и унафэкlэ партым и Къэбэрдей щlыналъэ комитетым и япэ секретару къагъэкlуауэ щытащ Бабич Василий. Ар тегушхуэрт парт, къулыкъу lэнатlэ лъагэхэм lэщlагъэлl ныбжьыщlэхэр ягъэувыным. Арати, абы Шэджыхьэщlэ Мухьэмэд гу щылъитэм, ВКП(б)-м и Налшык район комитетым и япэ секретарым и къулыкъур иратыну къыхилъхьат, нэхъ иужьыlуэкlэ - СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хахыну. Къыхэгъэщыпхъэщ, а зэманым партым и райкомым и япэ секретархэми Совет Союзым депутат бгъэхэlур щызезыхьэхэми Шэджыхьэщlэр я нэхъыщlэу зэрыщытар.

Пенсэм кlуа нэужь, и къару псор хуиунэтlащ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм яхудиlэ зэпыщlэныгъэм зригъэубгъуным. Пцlы лъэпкъи хэмылъу жысlэфынущ Кавказ зауэм дуней псом трикъухьа ди къуэшхэмрэ ди шыпхъухэмрэ яфl зыхэлъ lуэху куэд абы зэрилэжьар».

**Кхъуэlуфэ Хьэчим**: «Сэ згъэщlагъуэрт Мэлбахъуэ Тимборэрэ Шэджыхьэщlэ Мухьэмэдрэ я анэдэлъхубзэр апхуэдэу фlыуэ къызэрагъэсэбэпыфыр. Пэжыр жысlэнщи, си гугъат ахэр тхакlуэм и дэlэпыкъуныгъэ хуэныкъуэну. Арщхьэкlэ, дэнэт! Пэжщ, язынықъуэхэми ахэр щlэупщlэрт псалъэ щхьэхуэ гуэрхэм я мыхьэнэм, ауэ къысхуэныкъуауэ жысlэфынукъым. Уеблэмэ дапщэщи хьэкъ сщыхъурт ахэр я адыгэбзэм зэрыхуэшэрыуэр. Адыгэбзэр, къапщтэмэ, гугъукъым къызэрыгуэкl псалъэмакъым къыщыбгъэсэбэпыну, ауэ политикэм, экономикэм, щlэныгъэм, дунейпсо lуэхухэм (псом хуэмыдэу нэгъуэщl къэрал къикlыжа, зи псэлъэкlэм щхьэхуэныгъэ гуэрхэр игъуэта уи лъэпкъэгъухэр къыщыпхуеблагъэкlэ) уритепсэлъыхьыну - мис ар къалэн тыншкъым, пхузэфlэкlын хуейщ.

Сощlэж зы lуэхугъуэ: «Сосрыкъуэ» шхапlэм хьэщlэхэм я тхьэмадэу щыса Шэджыхьэщlэр сыхьэт нейкlэ политикэ lуэхухэм адыгэбзэ къабзэкlэ яхутепсэлъыхьауэ зэрыщытар. «Хэку» зэгухьэныгъэм и къалэнхэм хыхьэрт хъыбарегъащlэ лэжьыгъи егъэкlуэкlын хуейуэ, цlыхухэр къекlуэкl lуэхухэм щыгъэгъуэзэныр. Мухьэмэд а lуэхури къехъулlэу зэфlигъэкlырт и анэдэлъхубзэм хуэшэрыуэрти. Нэгъуэщl зы лъэныкъуи згъэщlагъуэу яхэлът Мэлбахъуэмрэ Шэджыхьэщlэмрэ - я лъэпкъ хабзэхэр фlыуэ зэращlэрт. Зэращlэр аратэкъым гу зылъыстэр. Атlэ абыхэм езыхэри зэрытетынум сыт щыгъуи зэрыхущlэкъурт.

Хэхэс адыгэхэм я дежи пщlэшхуэ щиlащ Шэджыхьэщlэ Мухьэмэд. Куэд къыхуэарэзыт, фlыуэ къалъагъурт. Апхуэдэ зыт ар зэпымыууэ зыlэту щыта Лlэужь Омар Фахъри - Сирием и къэрал, жылагъуэ лэжьакlуэр. Ар езыри дзэ lуэхухэм - хьэрып-израиль зэпэщlэувэныгъэхэм - хэтати, куэдрэ тепсэлъыхьыжырт Шэджыхьэщlэм Хэку зауэшхуэм лlыгъэ зэрыщызэрихьам, абы уlэгъэ хьэлъэ щыхъуауэ зэрыщытам.

Шэч хэмылъу, щымыуэ щыlэкъыми, а лlы пашэми апхуэдэ гуэр имыlэу хъунутэкъым. Апхуэдэу сызыгъэщхьэжэгъуауэ щытар ди лъэпкъ литературэм епхат. Зи гугъу сщlыр Кlыщокъуэ Алим и «Нал къута» романым зы гуп пэщlэувауэ зэрыщытарт. Сыкъыщхьэщыжын щхьэкlэкъым, ауэ, пэжыр жыпlэмэ, къыхэгъэщын хуейщ - апхуэдэ жэрдэмыр къызыбгъэдэкlар обкомыратэкъым. Псалъэмакъхэм лъэбакъуэ хуэзычар езы тхакlуэхэрат, романым япэу еджахэм. Абыхэм къызэщlагъэплъащ зауэ зэманым жылагъуэ еплъыкlэхэм пэжыжьэ хъуа лlыщхьэхэр. Абыхэм гузэвэн щlадзащ, романым парт лэжьэкlэр щlэнэкlалъэ щыхъуауэ къалъытэри. Арщхьэкlэ апхуэдэ еплъыкlэр Мэлбахъуэми Шэджыхьэщlэми зэи даlыгъынутэкъым. Апхуэдэ цlыхут ахэр.

...Мэлбахъуэ Тимборэ зыгуэрхэр зритхэу щыта зы тхылъ цlыкlум щитхат мыпхуэдэу: «Мафlэ ужьыхым срещхьщ. Ауэ сызыщlэхъуэпсыр ди щlыналъэм зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ щызэщlэзыгъаплъэ хъуаскlэу сыщытынырт». Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуэгуанэр къэзыгъэнэху мафlэу апхуэдиз илъэскlэ щытащ. Шэджыхьэщlэ Мухьэмэд ящыщт а мафlэр нэхъ нэхуу икlи нэхъ лъагэу блэнымкlэ абы дэзыlыгъахэм.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

100



# Лъэпкъ макъамэр лъагапlэм нэзыхьэса

**Совет, урысей композитор, РСФСР-м и цlыхубэ артист, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Гимныр зытха Къардэн Хьэсэн Екъуб и къуэр къызэралъхурэ мазаем и 23-м илъэси 100 ирокъу.**

КЪАРДЭН Хьэсэн Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областым и Шэджэм Езанэ къуажэм 1923 гъэм къыщалъхуащ.

Курыт еджапlэм щыщlэса зэманым ар макъамэм дихьэхри, цlыхубэ lэмэпсымэхэм еуэфу зригъэсащ, оркестрым хэтащ. И адэр дунейм ехыжа нэужь, 1937 гъэм Налшык къалэ дэт интернатым щеджэу абы къыгурыlуащ макъамэр lэщlагъэ зэрыхуэхъунур, ауэ дэзыхьэха lуэхум хуеджэну хунэсакъым, Хэку зауэшхуэр къэхъейри.

Къардэныр 1942 гъэм езыр-езыру фронтым кlуэри, ар иухыху тlасхъэщlэхыу щыlащ икlи яхэтащ Кавказыр, Украинэр, Польшэр, Чехословакиер хуит къэзыщlыжахэм.

Композитор lэщlагъэр зэзыгъэгъуэтыну зи мурад щlалэщlэр зауэ нэужьым щlэтlысхьащ Римский-Корсаков и цlэр зэрихьэу Ленинград къалэм дэт консерваторэм.

1954 - 1957 гъэхэм ар КъБАССР-м Цlыхубэ творчествэмкlэ и унэм щылэжьащ, 1967 - 1971 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и хорым и художественнэ унафэщlу, 1962 - 1968 гъэхэм КъБАССР-м и Композиторхэм я союзым и правленэм и унафэщlу щытащ. Лэжьыгъэ 400-м щlигъу - симфониехэр, музыкэ спектаклхэмрэ уэрэдхэмрэ - и lэдакъэ къыщlэкlащ. Дзапэ уэрэд хъуахэм ящыщщ «Уи цlэр Мадинэ хьэмэ Маринэ?», «Си Налшык къалэ» уэрэдхэр. 1992 гъэм Къардэн Хьэсэн и лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Гимныр, пагагъэрэ лъагъуныгъэкlэ гъэнщlар - итхащ.

Композиторым республикэм и макъамэ гъуазджэм хуищlа хэлъхьэныгъэр къэлъытэгъуейщ. Балэ Мухьэдин щlыгъуу Къардэн Хьэсэн итхащ «Мадинэ» япэ адыгэ лъэпкъ оперэр. Япэ дыдэу 1970 гъэм ягъэлъэгъуа а лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ оперэм и тхыдэм щlэдзапlэ дахэ хуэхъуат.

Композиторым и гъащlэмрэ гуащlэмрэ теухуа «Талант души» тхылъ купщlафlэр зэдатхащ Ащхъуэт Беслъэнрэ Бекъалды Ильярэ Лэжьыгъэм хагъэхьа «Классик музыкального искусства», «Ласковая встреча» lыхьэхэм ихуащ композиторым и уэрэдхэм я псалъэхэмрэ нотэхэмрэ, и гукъэкlыжхэр, газетхэмрэ журналхэмрэ къытехуа интервьюхэр.

Къардэн Хьэсэн и зэфlэкlым хуэфэщэн пщlэ къэралым къыхуищlащ. Абы къратащ Щlыхь орденым и ещанэ нагъыщэр, Хэку зауэ орденым и етlуанэ нагъыщэр, «Щlыхьым и дамыгъэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиlэ фlыщlэхэм папщlэ» орденхэр, зауэм къыщихьа медаль 15. Апхуэдэу абы къыфlащащ «РСФСР-м и цlыхубэ артист», «РСФСР-м гъуазджэхэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м гъуазджэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Къэрал саугъэтым гъуазджэмкlэ и лауреат» цlэ лъапlэхэр.

Къардэн Хьэсэн Екъуб и къуэм и гъащlэр лэжьыгъэм хуэпэжу щытынымкlэ, къыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым и фlыгъуэм телэжьэнымкlэ щапхъэщ. Ар ящыщщ ди республикэм ис лъэпкъхэм я макъамэр профессиональнэ лъагапlэхэм хуэзыша япэ лъэпкъ композиторхэм.

И ныбжьыр илъэс 96-м иту 2019 гъэм щlышылэм и 20-м дунейм ехыжащ Къардэн Хьэсэн. Къыхиха lэщlагъэмкlэ зэфlэкlышхуэ зиlа Къардэн Хьэсэн Екъуб и къуэр цlыхубэм зэи ящыгъупщэнукъым.

**ТЕКlУЖЬ Заретэ.**

# ГъащIэм къызэрыпищэнур и фIэщ хъурт

Лыгъэ

**1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм хэтащ Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм дэс Уэркъуасэхэ ящыщу Хьэбцу, Iэмин, Мухьэмэд, Iэдэм, Хьэзиз, Хьэзрэт сымэ. ЗауэлI хахуэ, гвардием и старшина Уэркъуасэ Хьэзрэт Бэчыр и къуэм, зауэ гуащIэм тIэунейрэ уIэгъэ щигъуэтами, Хэку зауэшхуэр ТекIуэныгъэ ИнкIэ щиуха 1945 гъэм нэсыху и къулыкъур ирихьэкIащ.**



ХЬЭЗРЭТ армэм 1938 гъэм ираджащ. 14-нэ шу дивизэм и 128-нэ полкым, а зэманым Украинэм и Шепетовкэ къалэм щыIам, ягъэкIуат. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щIалэм дэнэ щищIэнт, мыгувэу зэхэуэ гуащIэхэм зэрыхэтынур.

Хэку зауэшхуэм щIимыдзэ и пэ, старшина Уэркъуасэм полкым и еджапIэм командир нэхъыщIэхэр щигъэхьэзырырт. Хьэзрэт яхэтащ зыIэзыбжьэу къызэрыттеуар къагъэсэбэпу къэбгъэрыкIуа фашист зэрыпхъуакIуэхэм япэу япэщIэувахэм. Ауэ, ди дзэхэр Iэмалыншагъэм къыхэкIыу, къикIуэтын хуей хъурт.

«НапIэзыпIэу бийр къызэрыттеуам ди сэлэтхэр хуэхьэзыртэкъым. ИкъукIэ гугъут а мазэхэр, ауэ сэлэтхэм я фIэщ хъурт текIуэныгъэр къызэрытхьыжынур, бийр идгъэкъэбзыкIыжу хуит дызэрыхъужынур», - жиIэгъащ Уэркъуасэм, илъэс куэд дэкIауэ и гукъэкIыжхэмкIэ и Iыхьлыхэм щадэгуашэм.

Хьэзрэт хэтащ Тэн (Дон), Псыжь (Кубань) я Iэхэлъахэм щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэм, ЦIэмэз (Новороссийск) зыхуэмахэм... 1943 гъэм мазаем и пэщIэдзэм ди дзэ гупыр Новороссийск и ипщэ-къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ бийм и щIыб, Мысхъэкъуэ (мысхъэ, дыкъуэнагъ - вяз) деж, щетIысэхащ, ЩIы МащIэкIэ зэджэм и хэщIапIэ нэхъыщхьэр яубыдри. Бийм и щIыб дыхьахэм яхэтт топгъауэ взводым и Iэтащхьэ Уэркъуасэ Хьэзрэти...

«Мазиблым къриубыдэу а тэхъуанэр ди зауэлIхэм яIыгъащ. ЩIыр мащIэт. Бийр Iэджэрэ къыттеуэну хэтащ - хы лъэныкъуэмкIи уэгумкIи. ЗэпэщIэтхэм ди зэхуаку лъэбакъуэ 30 - 40 хуэдиз дэлъу арати, псори нэгум къыIуидзэрт. Щэху щыхьу дакъикъэхэм зауэлIхэр я Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуэтхэрт, гъащIэм нэхъыфI зэрыщымыIэр зыхащIэрэ зыхэт бэлыхьым къыхэкIыжыныр я гугъапIэу...», - игу къигъэкIыжырт Уэркъуасэм.

ЩIы МащIэм щекIуэкIа зауэ гуащIэм зэрыхэтамрэ Новороссийск хуит къыщащIыжым къигъэлъэгъуа хахуагъэмрэ папщIэ, Уэркъуасэ Хьэзрэт къыхуагъэфэщащ Вагъуэ Плъыжь орденымрэ «Лыгъэм папщIэ» медалымрэ. Ар жыджэру хэтащ Темрыкъуэ (Темрюк), Тэмэн (Тамань) къалэхэр хуит къэзыщIыжахэм. Нэмыцэхэр икIуэтырт, псори къагъауэу, ягъэсу.

Хьэзрэт зи гугъу ищIыжахэм ящыщщ Полтавэ деж щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэри. Старшина Уэркъуасэм и топгъауэ взводым абы танк зыбжанэ щызэтрикъутат. Къигъэлъэгъуа лIыгъэм къыпэкIуэу Хьэзрэт къыхуагъэфэщащ Хэку зауэ орденым и I нагъыщэр.

Украинэр хуит къащIыжа нэужь, гвардием и старшина Уэркъуасэр, Богдан Хмельницкэм и орденыр зезыхьэ 305-нэ гвардием и топгъауэ полкым хэту, Польшэм фашистхэм щапэщIэтащ. Варшавэ нэмыцэхэм апхуэдизкIэ зэтракъутати, абы зыгуэр щыбауэу уи нэгу къыщIэгъэхьэгъуейт, арщхьэкIэ полякхэр ди зауэлIхэм къапежьэрт, Iэпл696 гуапэкIэ зыкъракъузылIэрт.

...Хьэзрэт зауэлIхэм я гъусэу КъухьэпIэмкIэ кIуэцIрыкIащ, Берлин нэсащ. КIыхьу зыпэплъа ТекIуэныгъэм Уэркъуасэр щыIущIащ хуит къащIыжа Прагэ. Зауэ гуащIэм иужь мазэхэм Хьэзрэт къыхуагъэфэщащ дамыгъэ лъапIэхэр - «ЩIыхь» орденым и III нагъыщэр, «Варшавэ хуит къызэращIыжам папщIэ», «Прагэ хуит къызэращIыжам папщIэ» медалхэр. Хахуагъэрэ лIыгъэрэ къэзыгъэлъэгъуа зауэлI къэмыланджэжым и архивым къыхэнащ юбилей медалхэр, фIыщIэ тхылъхэр, нэгъуэщIхэри.

И къуэш Мухьэмэд зауэм зэрыхэкIуэдар абы къыщищIар дзэм къыхэкIыжу и лъахэм къэкIуэжа нэужьщ.

Зы махуи щысакъым зигъэпсэхуу, къызэрысыжу лэжьыгъэм пэрыуващ. Уэркъуасэр колхозым и унафэщIу, къуажэ Советым и тхьэмадэу, хадэгъэкI бригадэм и Iэтащхьэу щытащ, иужьым «Лэскэн» совхозым IэщIым ехьэлIа и IэнатIэ нэхъ гугъум илъэс куэдкIэ пэрытащ.

Уэркъуасэ Хьэзрэтрэ и щхьэгъусэ Хужьпагуэрэ къуитIрэ пхъуихрэ зэдапIащ.

- Ди адэмрэ ди анэмрэ я жьауэм дыщIэтыжкъым, ауэ ахэр сыт щыгъуи гукIэ тщIыгъущ, абыхэм дызыщIапIыкIа, дызыхуагъэса хабзэм дытету дызэрыпсэуным яужь дитщ. Ди адэр сыт щыгъуи щIэхъуэпсырт игъэва зауэ гущIэгъуншэм хуэдэ зэи къэмыхъужыным, цIыхухэр мамыру, зэгурыIуэу псэуным. Дэри ди бынхэр дгъэсащ, я лъахэр, ди къэралышхуэр фIыуэ ялъагъуу, - жеIэ Хьэзрэт и къуэ Хьэту (Виктор).

Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 78-р йокIуэкI. Тхыдэр зэзыхьэкIыну хуейхэр къыкъуэкIми, дыщыпсэу къэралыр лъэщу, мамырыгъэр щытепщэу гъащIэм къызэрыпищэнур ди фIэщ мэхъу.

**УЭРКЪУАСЭ Владимир.**

*Лэскэн ЕтIуанэ къуажэ*

# Я фэеплъыр лIэщIыгъуэхэм яхъумэ

**Зы унагъуи щыIэу къыщIэкIынкъым Хэку зауэшхуэм ди къэралым къыщихьа ТекIуэныгъэм и гуащIэ хэмылъу. Бийр Хэкум къыщытезэрыгуэм абы и цIыхухэр зылI и быну зэкъуэувэри, лейзехьэхэм псэемыблэжу япэщIэтащ. Щхьэхуит гъащIэм, мамыр псэукIэм, щIэблэм я къэкIуэну дахэм папщIэ я псэр ятащ цIыху мелуан бжыгъэхэм. Абыхэм зэрахьа лIыхъужыгъэм увыпIэ щхьэхуэ щеубыд тхыдэм.**



ЛIЫГЪЭРЭ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу зи Хэкур зыхъумэжахэм яхэтащ Лэскэн районым хыхьэ Хьэтуей жылэм щыщхэри. ЦIыху 360-рэ фронтым кIуащ, абыхэм ящыщу къэзыгъэзэжари мащIэ дыдэщ. Жылэм къыдэнахэри зэралъэкIкIэ фронтым щыIэхэм ядэIэпыкъуащ шхынкIэ, щыгынкIэ.

1942 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м пщыхьэщхьэхуэкIуэу Хьэтуей къуажэм нэмыцэхэр къыдыхьащ. Жэщ-махуэ 69-кIэ бийм иIыгъащ жылэр, щIэпхъаджагъэ куэди щалэжьащ, лей зэрахьэр ягу темыхуэу япэщIэувахэр яукIащ. Бийм я щхьэр хуамыгъэлъэхъшэн папщIэ зи псэр зытахэм ящыщщ Нот Машэ, ДзыхьмыщI Хьэмырзэ, Истепан Мухьэмэд, Шыд Хьэзешэ, ТемкIыж Щыхьмырзэ сымэ.

1943 гъэм щIышылэм и 3-м ди сэлэтхэм къуажэр хуит къащIыжащ. ЕтIуанэ махуэм жылэдэсхэр нэмыцэхэм зэтракъута колхозыр зэфIэгъэувэжыным жыджэру иужь ихьащ. Абыхэм фIыуэ къагурыIуэрт фронтым Iутхэр я дэIэпыкъуныгъэ зэрыхуэныкъуэр.

Хэкум и щхьэхуитыныгъэм къикIуэт ямыщIэу щIэбэнащ Хьэтуейм и щIалэ хахуэхэр. Абыхэм я цIэр уахътыншэщ, я лIыхъужыгъэр ящыгъупщакъым.

Фочауэ ротэм и унафэщIу щыта лейтенант Тэрчокъуэ Абусуфян ПIытIэ и къуэр шынэ имыщIэу, зыхэт гупым щапхъэ яхуэхъуу щызауащ Ипщэ-КъуэкIыпIэ, Дон, Кавказ Ищхъэрэ фронтхэм, Къырымыр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къаIэщIэзыгъэкIыжахэми яхэтащ. Зэрихьа лIыгъэм папщIэ абы къыхуагъэфэщащ Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэмрэ медаль зыбжанэрэ.

Пулемётыр зыгъауэ гупым я командиру щыта Къэжэр Тембулэт Ильяс и къуэр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм щапэщIэтащ Ростов областым, уIэгъэ хьэлъи къащIауэ щытащ. Бэракъ Плъыжь орденыр, Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр, медалхэр хэлъу зауэ нэужьым къигъэзэжри, егъэджакIуэу лэжьащ.

Къанщыкъуей Уэхьид Уэлий и къуэр бийм езауэурэ нэсащ КъуэкIыпIэ Пруссием. Къигъэлъэгъуа и зэфIэкIхэм щхьэкIэ Бэракъ Плъыжь орденыр, Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр, медалхэр зыбжанэ къыхуагъэфэщащ. Къанщыкъуейр хэтащ ТекIуэныгъэм и парадым, 1945 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м Москва щекIуэкIам. Зауэ нэужьым абы илъэс куэдкIэ щытащ къуажэ Советым и тхьэмадэу, «Шэчар» колхозым и зыужьыныгъэми абы и гуащIэшхуэ хэлъщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ Нало Ахьмэдхьани яхэтащ Хэкум и щхьэхуитыныгъэм щIэзэуахэм. Дзэм къулыкъу щищIэу зауэр къэхьейри, япэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ абы и IэнатIэ нэхъ гугъухэм Iутащ. Зауэ гуащIэ куэдым хэтащ икIи щIалэщIэм шынэ, къикIуэт зымыщIэ зауэлI хахуэу зыкъигъэлъэгъуащ. Зэрихьа лIыгъэм папщIэ абы къыхуагъэфэщащ Невский Александр и орденыр, Хэку зауэ орденым и япэ, етIуанэ нагъыщэхэр, Вагъуэ Плъыжь орденыр, медалу 14. «Нэхущ шу», «Псы Iуфэм Iут унэ цIыкIу» романхэр, повестхэр, рассказхэр зэрыт тхылъ зыбгъупщI зи Iэдакъэм къыщIэкIа тхакIуэ цIэрыIуэр илъэс куэдкIэ КъБКъУ-м егъэджакIуэу щылэжьащ.

Украинэр, Польшэр хуит къэзыщIыжахэм, бийр Берлин нэс зыхужахэм ящыщщ Бетрожь Iэбубэчыр Хьэжумар и къуэр. Ар лIыгъэншэу зэрыщымытар и щыхьэтщ абы кърата дамыгъэ лъапIэхэр - «ЩIыхь» орденым и ещанэ нагъыщэр, Вагъуэ Плъыжь орденыр.

Мамыр гъащIэм папщIэ и псэр итащ Бэрау Къэралбий Хьэжумар и къуэм. Ар щызэуащ Ростов областым, Новороссийск къалэм и Iэгъуэблагъэм, лIыхъужыгъэ къигъэлъагъуэу Керчь деж щыхэкIуэдащ. Абы къыхуагъэфэщащ Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр.

Былымгъуэт СультIан Хьэжбэчыр и къуэр 38547-нэ дзэ частым хэту зэуащ, орденищ къыхуагъэфэщащ: Хэку зауэ, Вагъуэ Плъыжь, Невский Александр и орденхэр.

ЩхьэщэмыщI Хьэжбий Къалджэрий и къуэр зыхэхуа япэ зэхэуэ гуащIэхэр Ростов областым и Сальск губгъуэхэм щекIуэкIащ. ИужькIэ Ипщэ, Ипщэ-КъухьэпIэ фронтхэм дзэ къулыкъур щрихьэкIащ. Ар нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм щапэщIэтащ Венгрием и щIыналъэми икIи 1945 гъэм лIыхъужыгъэ къигъэлъагъуэу хэкIуэдащ. Щхьэщэмыщым кърататащ Вагъуэ Плъыжь орденымрэ медаль зыбжанэрэ.

Бетрожь Хьэжысмел ТIабышэ и къуэр Сталинград хуит къэзыщIыжахэм ящыщщ, апхуэдэуи Харьков, Киев, Бухарест, Венэ, Будапешт къалэхэр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIэзыгъэкIыжахэми яхэтащ. И лIыгъэм, и хахуагъэм къыпэкIуэу абы кърататащ Хэку зауэ, Вагъуэ Плъыжь орденхэр.

Батальоным и комиссар, Калинин фронтым и 24-нэ фочауэ дивизэм хэта ДзыхьмыщI Батыр Хьэжбий и къуэр къимыкIуэту бийм пэщIэтащ, тIэу уIэгъэ хьэлъэ хъуауэ щытащ. Ар ягъэпэжащ Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэмрэ Вагъуэ Плъыжь орденымкIэ. Зауэ нэужьым абы къулыкъу щищIащ КъБАССР-м и МВД-м и органхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м юстицэмкIэ и министру, прокурору лэжьащ, республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щытащ.

1941 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм зауэм ираджащ Хьэтуей курыт школым егъэджакIуэу щылэжьа Биту Нурхьэлий Пщымахуэ и къуэр. 1942 гъэм и гъатхэпэ мазэм уIэгъэ хьэлъэ хъуауэ щытащ, ауэ нэхъыфI зэрыхъужу фронтым игъэзэжри, зауэр иухыху и дзэ къалэныр псэемыблэжу ирихьэкIащ. Къигъэлъэгъуа зэфIэкIым пэкIуэу абы кратащ Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр, «Лыгъэ зэрызэрихьам папщIэ» медалыр.

Зауэ гъуэгуанэ кIыхьыр зэпичащ Тэрчокъуэ Хьэрун Безрыкъуэ и къуэми. 1941 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм щегъэжьауэ зауэр иухыху ар щхьэмыгъазэу нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм япэщIэтащ. Кольскэ хытIыгуныкъуэм, Румынием, Болгарием щызэуащ, тIасхъэщIэх хахуэу щытащ. Абы къыхуагъэфэщащ Хэку зауэ, Вагъуэ Плъыжь орденхэр.

Лыгъэ зэрахьахэм папщIэ дамыгъэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ Хьэтуей къуажэм щыщ зауэлI хахуэ куэдым. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Бетрожь Хьэсэн Джырандыкъуэ и къуэр (Хэку зауэ орденымрэ Вагъуэ Плъыжь орденымрэ), Истепан Хьэжсуф Мухьэрбий и къуэр (Бэракъ Плъыжь орденыр), ХьэщIэлI Хьэмзэт Булэт и къуэр (Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэмрэ Вагъуэ Плъыжь орденымрэ), Серчэ Хьэжсет Мацэ и къуэр (Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэмрэ Вагъуэ Плъыжь орденымрэ), Нало Залым Алий и къуэр (ЩIыхь орденым и ещанэ нагъыщэмрэ Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэмрэ), ХьэщIэлI Мухьэмэд Хьэжрэт и къуэр (Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэмрэ «Лыгъэ зэрызэрихьам папщIэ» медалымрэ), нэгъуэщIхэри.

Хахуэу зауэм хэтауэ зи цIэ ящымыгъупщэну лIыхъужхэр и мащIэкъым Хьэтуей жылэжьым. Ахэр псори мы тхыгъэм къыщыдмыгъэлъэгъуэфами, шэч хэмылъу, абыхэм я цIэхэр тхыдэм къыхэнащ, я лIыхъужыгъэр уахътыншэщ, я гъащIэр щапхъэщ, я фэеплъыр щIэблэм яхъумэу лIэщIыгъуэкIэрэ зэпхрахынущ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

ЗэIущIэ гуапэ



# Уи бзэр, бзууэ, пIэщIэкIамэ, КIэлъылъати, къэпхъуэтэж

**Анэдэлъхубзэр, зэрытщIэщи, цIыхум зезыгъэужь Iэмал къудейкъым, ар лъэпкъыр адрейхэм къахэзыгъэщ, и хабзэрэ щэнхабзэрэ зыхъумэ къулеигъэщ. ООН-м къызэритымкIэ, дуней псом бзэуэ мини 7-м нэблагъэ тетщ, абы щыщу мини 2,5-м кIуэдыжынкIэ шынагъуэ ящхьэщытщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, тхьэмахуитI къэс зы бзэ токIуэдыкIыж, ар щыщымыIэжым - лъэпкъри хошыпсыхьыж. Абы къыхэкIыу, 1999 гъэм ЮНЕСКО-м и конференц нэхъыщхьэм къыщыхалъхьэри, 2000 гъэм къыщыщIэдзауэ ягъэлъапIэ Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэр. АбыкIэ цIыхухэр къыхураджэ хуэдэщ я анэдэлъхубзэр зыщамыгъэгъупщэну, яхъумэну.**

МАХУЭШХУЭР щагъэлъапIэкIэ, нэхъыбэу гулъытэ зыхуащIыр къытщIэхъуэ щIэблэм я бзэр фIыуэ ялъагъун зэрыхуейм Iуэхугъуэ дахэхэр зэрытраухуэрщ. Апхуэдэ зэхыхьэ гуапэт Налшык къалэм и сабий гъэсапIэ №63-м («Медвежонок») дыгъуасэ къыщызэрагъэпэщар. Абы ирагъэблэгъат сабий усакIуэ Хьэщыкъуей Олег.

Пшыхьыр щIэщыгъуэ хъуащ: цIыкIухэм адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ усэхэр щагъэIуу, ди лъэпкъ къафэхэр щагъэзащIэу. Абыхэм я хьэщIэм имыгъэщIэгъуэн лъэкIакъым и усэхэр гъэсакIуэхэм балъкъэрыбзэрэ урысыбзэкIэ зэрадзэкIауэ цIыкIухэм зэрызрагъэщIар щызэхихым.

- ГъэсакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ я мыхьэнэр сыт щыгъуи сфIэинщ. ФIыщIэ фхузощI лэжьыгъэ мытыншым фызэрыпэрытым, ди щIэблэр гъэсауэ, я бзэмрэ щэнхабзэмрэ зыхащIэу къызэрывгъэхъум папщIэ, - жиIащ Хьэщыкъуей Олег. - Анэдэлъхубзэр дымыщIэу хъунукъым, ар димыIэмэ, лъэпкъми гъащIэ иIэнукъым. Ди зэманым урохьэлIэ языныкъуэхэм я быным хамэбзэхэр ирагъащIэмэ, нэхъ губзыгъэ ахэр хъуну къалъытэу, нэхъ къащтэу. Ауэ анэдэлъхубзэр умыщIэу, фIыуэ умылъагъуу зыужьыныгъи уиIэнукъым. Абы къыхэкIыу унагъуэмрэ мыпхуэдэ IуэхущIапIэхэмрэ гурэ псэкIэ зэпыщIауэ зэдэлэжьэным мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ. Иджыпсту я анэдэлъхубзэр яIэщIэдгъэхумэ, зы илъэс тIощI дэкIмэ, езы цIыкIухэм дагъэкъуэншэжынущ: «щхьэ си бзэр сумыгъэщIарэ?!» - жаIэу. Аращи, абы девгъэгупсыс.

Сабий гъэсапIэм и унафэщI Атмурзаевэ Софят пшыхь дахэр къызэзыгъэпэща и лэжьакIуэхэми я хьэщIэми фIыщIэ яхуищIащ. «ИкъукIэ ди гуапэщ нобэ Хьэщыкъуей Олег къызэрытхуеблэгъар, и чэнджэщ щхьэпэ зэрызэхэтхар. Пэжщ, анэдэлъхубзэм и мыхьэнэр уасэншэщ. Дэтхэнэ лъэпкъми къыдэгъуэгурыкIуэн хуейщ и хабзэрэ щэнхабзэрэ. Ахэр зезыхьэр, зезыгъакIуэр ди анэдэлъхубзэхэращи, мы махуэшхуэм и мыхьэнэр, шэч хэмылъу, инщ. Ди сабий гъэсапIэм гулъытэшхуэ щыхудощI анэдэлъхубзэхэр сабийхэм егъэщIэным. Илъэс куэд хъуауэ мыбдеж адыгэбзэр щрегъэдж Бэлэтокъуэ Ритэ, балъкъэрыбзэр - Жарашуевэ Марьям. Анэдэлъхубзэр ирагъащIэм къищынэмыщIа, лъэпкъ хабзэхэмрэ щэнхабзэхэмрэ цIыкIухэр драгъэхьэхыу апхуэдэщ. Дэтхэнэми фIыщIэ яхузощI», - жиIащ къэпсэлъам.

Хьэщыкъуей Олег дыщигъэгъуэзащ къыдигъэкIыну хунэмысауэ иджыри усэ Iэрамэф сабийхэм яхуигъэхьэзырауэ зэриIэм. Ди фIэщ мэхъу ахэри дунейм къытехьэмэ, анэдэлъхубзэм и мыхьэнэр къэIэтыным хэлъхьэныгъэ зэрыхуэхъунур.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



# «Сэлэтым деж письмо»

Дызэкъуэту

## урысейпсо Iуэхур къэралым щокIуэкI

***УФ-м Украинэм щригъэкIуэкI дзэ Iуэху хэхам хэт щIалэхэм письмо хуатх школакIуэхэм, студентхэм, уеблэмэ щхъуэкIэплъыкIэ дахэу щIа сурэтхэр хурагъэхь сабий гъэсапIэм екIуалIэ цIыкIухэми.***

*ЩIЭБЛЭМ я пащхьэ лIыхъужь щыхъуа сэлэтхэм тхыгъэм щыхуаIуатэ фIыщIэ зэрыхуащIыр, лIыхъужь нэсу къызэралъытэр, текIуэныгъэкIэ зэрыщыгугъыр, щIэх къэкIуэжыну зэрыпэплъэр. Сабийхэм я дежкIэ сэбэпынагъ куэд зыпылъ, я гум, я псэм къыбгъэдэкIыу ятх мы тхыгъэм щогуфIыкI фронтым Iут балигъхэри. Сыт хуэдиз лIыгъэ яхэлъми, ныбжьыщIэхэм ятха тхыгъэ кIэщIым щеджэкIэ я нэпс кърегъакIуэ сэлэтхэм, хуабжьу гуапэ зэращыхъур, я гукъыдэжыр къызэриIэтыр, тегушхуэныгъэ нэхъыбэ къазэрыхилъхьэр жаIэ зэпытщ.*

*Мы Iуэхур къыщежьар нобэкъым. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэми хабзэу щытащ губгъуэм итыр уи гурыщIэр къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэ кIэщIкIэ дэпIыгъыныр. Уеблэмэ унэм къикI письмом фIэкIа гурыфIыгъуэ щимыIэ щыIэт сэлэтым, абы адэкIэ къару къыхилъхьэрт. Ноби ди щIалэхэр ягъэгушхуэн мурадкIэ, Урысей Федерацэм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэмрэ ЕгъэджэныгъэмкIэ министерствэмрэ къыхалъхьащ мы Iуэхур. А жэрдэмыр занщIэу даIыгъащ цIыхубэми. Сэлэтхэм письмо хуэзытхыну хуей ныбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ гъунэжщ. Апхуэдэ зы тхыгъэ кIэщI тыдодзэ ди нобэрей къыдэкIыгъуэм.*

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

### Уи махуэ фIыуэ, сэлэт!

УЭРЭ сэрэ дызэрымыцIыхуми, къуэш хуэдэу сэлам гуапэ узох икIи фIыщIэ пхузощI ди къэралым и щхьэхуитыныгъэр пхъумэу иджыпсту губгъуэ щIыIэм узэритым щхьэкIэ. Уэ пщIэ ин цIыхухэм я пащхьэм къыщыблэжьащ укъыщалъхуа Хэкур бгъэпэжу къэралым иригъэкIуэкI Iуэхум узэрыхыхьам щхьэкIэ.

ЛIыгъэрэ хахуагъэрэ къэбгъэлъагъуэу зауэ губгъуэм узэритыр ди дежкIэ насыпышхуэщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, уэ пхуэдэхэращ ди гъащIэр мамыр, тынш, IэфI зыщIыр. Гугъу узэрехьри, щIыIэм узэрисри, уи ныбэ изу ущымышхэ къызэрыпхуихуэри дощIэ. А псом нэхърэ нэхъыщхьэжращи, уэ псэзэпылъхьэпIэ уихьащ, биишэми залымыгъэми ущымышынэу.

Уэ пхуэдэхэращ хэкум и къуэ пэжу зи щIыхь яIэтыр, зи дуней тетыкIэр щапхъэу ягъэлъагъуэр. Дэ, фэ къыфщIэхъуэ щIэблэм, ди насыпщ фэ фхуэдэхэр дызэриIэм папщIэ. Уэ щапхъэ зытепхын тхыдэм къыхэпхащ, ди адэшхуэхэм Хэку зауэшхуэм щызэрахьа лIыгъэм и хъыбар нобэ къытхуаIуатэ. Ауэ дэ нобэ Урысейм иригъэкIуэкI дзэ Iуэхум хэтхэр лIыхъужь нэрылъагъуу фыдиIэнущ. Иджыпсту еджапIэм щIэс щIэблэм ди адэхэр, ди къуэшхэр, ди гъунэгъухэр фыдиплъапIэщ. Фэ вгъэлъагъуэ пэжыгъэр зи нэгу щIэкI дэ, цIыху зэтету, гупсысэкIэ тэмэм диIэу, лIыгъэр зищIысыр тщIэуэ, лIыхъужьхэр тцIыхуу дыкъэхъунущ.

Уэ нобэ зауэ губгъуэм щепхьэкI къалэныр, дауи, тыншкъым, ауэ сэбэпынагъыу къыппэкIуэмрэ ныбжьыщIэхэм щапхъэ уазэрыхуэхъумрэ зэи зыщумыгъэгъупщэ. Уи хахуагъэм и хъыбар зэрызэхэтхым и мызакъуэу, уи щхьэкIи утцIыхуну дыхуейщи, псэууэ къэгъэзэж, сэлэт!



Уэ къожьэ уи адэ-анэр, унагъуэр, сабийхэр, ныбжьэгъухэр, гъунэгъухэр, укъэзыцIыхухэр. Сэри сыножьэ, узмыцIыхуми. Къэгъэзэж, си къуэш, текIуэныгъэм урипагэу!

**ШЫПШ Амир,**
*Псыгуэнсу къуажэм дэт курыт школ №3-м и 6-нэ «А» классым щеджэ.*

# Гуауэ

***ЗыцIыхуу щытахэм фIы дыдэу ялъэгъуа, Украинэм щекIуэкI зауэм щIалэ фызкъэмышэу гуузу хэкIуэда Емкъуж Аскэр Арсен и къуэм и фэеплъу***

Бын гукъеуэм нобэ сегъэдзыхэ,
Дзэл къудамэу, си щхьэр ирешэх.
Пшагъуэ Iуву, бампIэм сыщIеуфэ,
Фэм ситыжкъым, си лъэри сфIыщIех.

МафIэм хуэдэу, кIуэцIым щызэщIонэ,
НапIэзыпIэм пкъым зрегуэшэж.
ЛъэнкIапIитIми сахуэмыIыгъыжу,
НэщIащитIым нэпсыр къысфIыщIож.

Ди Тхьэ закъуэ, хъунт, гущIэгъу къысхуэпщIу,
Мы си гуауэр Iэтыгъуафlэ пщIам,
Е, хьэзабыр си псэм тумыгъэлъу,
ЩIы фIыцIэжьым сыщIебгъэлъхьэжам.

БАБЫГУ Сосрыкъуэ.

# Кавказ Ищхъэрэм къыщыхэжаныкIахэр Екатеринбург макIуэ

Дзюдо

**Ставрополь къалэм щекIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм дзюдомкIэ и зэхьэзэхуэ. Абы кърихьэлIат зи ныбжьыр илъэс 23-рэ иримыкъуа щIалэрэ хъыджэбзу 240-м щIигъу.**

КАВКАЗ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щIыналъэ псоми къикIа спортсменхэр хьэлъагъ 14-м щызэбэнащ. Сыт щыгъуи хуэдэу, абыхэм къахэжаныкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэр икIи дыщэ медалу 3, дыжьыну 2, домбеякъыуи апхуэдиз зыIэрагъэхьащ.

Хуабжьу дигъэгуфIащ Къанокъуэ Ариannэ. Килограмм 48-м нэс зи хьэлъагъ хъыджэбзхэм я зэпеуэм абы къыщыпэлъэщын къахэкIакъым.

Шытхьэлэ щыщ пщащэм хуэфэщэну зыкъагъэлъэгъуащ Зэмбатэ Къантемыррэ Мырзэбэч Ильясрэ. Япэр килограмм 60-м нэблагъэ зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм щытекIуащ, етIуанэм килограмми 100-м къыщебэна псори тридзащ.



Финалым къыщыхагъэщIами, дыжьын медалхэр яIыгъыу, я щхьэр лъагэу къагъэзэжащ Байсиев Тауланрэ (кг 81-рэ) Абазэ Астемыррэ (кг 90). Ещанэ увыпIэр яубыдащ Пщынокъуэ Альбертрэ (кг 90) Быф Идаррэ (кг 100).

Кавказ Ищхъэрэм и дзюдоист нэхъыфIхэм иджы Iэмал ягъуэтащ гъатхэпэм и 17-м Екатеринбург щыщIэзыдзэну Урысей Федерацэм и чемпионатым зыкъыщагъэлъэгъуэну. Дыщыгугъынщ абыи текIуэныгъэ инхэр къыщахьыну.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур мазаем и 28-рщ.*

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ IапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.669 Заказыр №366

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А